

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

6 JEN 2022

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen sa a gen de (2) pati. Pati I ak II a nan ti liv egzamen sa a.

**Pati I** an gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen 15 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan ti liv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.**

## ENSTRIKSYON

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon, gen kat (4) chwa repons, ki gen lèt A–D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fèy repons apa a, make repons ou nan ranje ti wonn yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make fèy repons lan.

Li Egzanp Kesyon **S-1** ki anba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-1** an. Gade kijan yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, li Egzanp Kesyon **S-2**. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a.

**S-2** Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A**. Sou fèy repons ou, ou te dwe nwasi ti wonn **A**.

Reponn tout 30 kesyon ki nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou ka pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas yo kite pou chak kesyon.

## Pati I

1 Yon egzantp konpòtman ou aprann se

- A respire
- B bat je
- C grandi
- D fè lekti

2 Gen zwazo ki gen plim pentle pou

- A ponn ze
- B bati nich
- C atire yon konpay
- D jwenn manje

3 Chamo yo gen pat laj ak plat ki anpeche yo antre nan sab la. Estrikti sa yo pi itil chamo a nan

- A kwasans
- B mouvman
- C repwodiksyon
- D kolorasyon

4 Papiyon monak yo vole ale nan sid kote longè lajounen an diminye amezi ivè a ap pwoche. Sa se egzantp yon òganis

- A ki ap migre
- B ki ap jèmen
- C ki ap chape anba predatè yo
- D ki ap resikle nitriyan yo

**5** Yon tòti ap pi byen kamoufle lè li

- A naje rapidman nan dlo
- B melanje nan anviwònman li
- C chita nan solèy
- D manje ni plant yo ni bèt yo

**6** Yo kapab dekri dire lavi yon bèt kòm

- A bezwen fondamantal yon bèt
- B tan ki pase a ant lè li fèt ak lè li mouri
- C jan bèt a chanje
- D trè bèt a pase bay pitit li yo


**7** Bèt yo jwenn enèji yo bezwen an pou grandi ak fè reparasyon lè yo pran

- A chalè
- B manje
- C dlo
- D limyè solèy

**8** Chak ane, boujon yo ak fèy yo kòmanse devlope sou pye bwa yo. Se yon egzanp pye bwa yo k ap reponn a

- A gravite
- B jèminasyon
- C dispèsyon grenn
- D chanjman sezon

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 9 ak 10. Dyagram nan montre yon chenn alimentè nan dezè.



(Pa trase selon echèl la)

**9** Pwodiktè yo nan chenn alimentè sa a se

- A ensèk yo
- B leza yo
- C rena dezè yo
- D plant dezè yo

**10** Flèch la nan chenn alimentè sa a ki pwente sou leza yo montre leza yo

- A resevwa enèji nan men ensèk yo
- B resevwa dlo nan men rena dezè yo
- C pote manje pou plant dezè yo
- D pote konpay pou lòt leza yo

\*\*\*\*\*

11 Yon dife forè te detwi anpil plant nan yon forè. Gen kèk plant ki te siviv. Pwosesis ki pral pèmèt popilasyon plant sa yo ogmante se

- A ibènasyon
- B repwodiksyon
- C konpetisyon
- D kominikasyon

12 Sik dlo a jwenn enèji li nan

- A Latè
- B etwal ki lwen
- C Solèy la
- D Lalin


13 Ki aktivite imen ki gen efè ki pi *malfezan* sou anviwònman an?

- A mete panno solè
- B batiabri pou bèt yo
- C plante danre nan fèm yo
- D lage luil nan yon rivyè

14 Konbyen fwa Latè vire sou aks li nan yon (1) semèn?

- A 1
- B 7
- C 30
- D 365

- 15** Dyagram ki pi ba a montre yon rezèvw a dlo ki la pou bay dlo nan kay yo. Flèch yo montre direksyon kote dlo a koule nan tiyo yo.



Ki fòs ki lakòz dlo ki nan rezèvw a koule desann nan tiyo dlo ki anba li yo?

- A elektrisite
- B mayetis
- C gravite
- D friksyon

- 16** Nan maten, yon elèv te obsève yon ma dlo nan lakou rekreyasyon lekòl la. Nan fen jounen an, ma a pa t la ankò. Ki pwosesis ki gen plis chans te lakòz ma a disparèt?

- A kondansasyon
- B depozisyon
- C evaporasyon
- D ewozyon



17 Yon efè *negatif* pifò nan ouragan yo se

- A plis kote pou bèt yo viv
- B yon ogmantasyon nan kantite viktim
- C abita sou tè yo vin inonde
- D gen plis dlo pou plant yo grandi

18 Pou yo kalifye yon objè kòm matyè, li dwe gen

- A mas ak volim
- B mas ak fòm
- C gwosè ak fòm
- D gwosè ak volim

19 Dyagram ki pi ba a montre yon moun ki kanpe devan yon miwa pou mare yon kravat.



Ki pwopriyete miwa a ki pèmèt moun nan wè tèt li?

- A mayetis
- B volim
- C dite
- D reflektivite





**20** Ki pwopriyete yo objè genyen k ap detèmine si objè a ap koule oswa flote nan dlo?

- A longè ak fòm
- B longè ak koulè
- C materyo ak fòm
- D materyo ak koulè

**21** Yon elèv ap obsève yon fèy vèt sou yon pye bwa pandan sezon otòn nan k ap vin wouj sou kèk jou. Ki pwopriyete fizik fèy la k ap chanje?

- A teksti
- B fòm
- C koulè
- D volim

**22** Ki dyagram ki pi byen montre transfè enèji elektrik la sòti yon kote pou al yon lòt?



**23** Ki koulè chemiz ki t ap absòbe plis limyè solèy?

- A wouj
- B vèt
- C blan
- D nwa

**24** Gen de (2) elèv ki te fè obsèvasyon nan jounal yo pandan yo te nan yon joune deyò. Yo montre obsèvasyon elèv *A* ak elèv *B* pi ba a.

Elèv A	Elèv B
<ul style="list-style-type: none"><li>- odè sikre</li><li>- tij long</li><li>- flè jòn</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>- tij mawon</li><li>- flè jòn</li><li>- fèy klere</li></ul>


Dapre jounal elèv yo, yon enferans ou kapab fè se elèv yo t ap obsève

- A plant yo
- B dlo
- C zwazo yo
- D ensèk yo

**25** Ki zouti syantifik ki t ap nesesè pou mezire volim dlo a nan yon eksperyans?

- A silenn gradye
- B leman
- C balans ak plato
- D loup

**26** Yon gwoup elèv te konte kantite tip zwazo yo te wè nan lakou rekreyasyon an pandan inèdtan. Yo montre yon graf done yo pi ba a.



Ki tablo elèv yo te itilize pou fè graf la?

Jeble	2
Wouj Gòj	8
Grigri	4
Penson	6

A

Jeble	2
Wouj Gòj	6
Grigri	4
Penson	6

B

Jeble	2
Wouj Gòj	4
Grigri	8
Penson	6

C

Jeble	0
Wouj Gòj	8
Grigri	6
Penson	4

D

Sèvi ak tablo done anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 27 ak 28. Tablo done a montre kondisyon metewolojik yo prevwa yo pou twa (3) jou nan Rochester, New York, pandan mwa jen.

**Kondisyon Metewolojik yo Prevwa pou Rochester, New York**

<b>Kondisyon Metewolojik</b>	<b>28 jen</b>	<b>29 jen</b>	<b>30 jen</b>
Kondisyon Syèl la	plizyè loraj dispèse	pasyèlman nyaje	solèy
Tanperati Pi Wo Lè a	80°F	72°F	75°F
Tanperati Pi Ba Lè a	61°F	56°F	60°F
Chans Lapli	60%	10%	0%

**27** Ki tanperati lè pi wo yo te prevwa pou Rochester, New York, nan dat 29 jen?

- A 56°F
- B 72°F
- C 75°F
- D 80°F

**28** Ki de (2) kondisyon metewolojik yo prevwa nan tablo done sa a?


- A vitès van an ak tanperati lè a
- B kondisyon syèl la ak direksyon van an
- C direksyon van an ak chans presipitasyon an
- D chans presipitasyon an ak tanperati lè a

\*\*\*\*\*

29 Yon boul kawoutchou t ap woule pi vit sou ki sifas?

- A plaj plen sab
- B teren plen zèb
- C atè yon sal espò
- D tapi epè

30 Dyagram ki pi ba a montre yon elèv k ap sèvi ak yon zouti syantifik pou jwenn pwa yon bwat ki tache nan zouti an.



Yo klase bwat la kòm solid poutèt li


- A gen yon fòm defini ak yon volim defini
- B gen yon fòm defini, men san volim defini
- C san fòm defini, men gen yon volim defini
- D san fòm defini ak san volim defini

\*\*\*\*\*

## Pati II

*Enstriksyon* (31–45): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

- 31** Dyagram ki pi ba a montre de (2) elèv, ke yo rele *A* ak *B*, k ap rale avèk fòs egal sou yon kòd.



Eksplike kijan pozisyon elèv *A* t ap chanje si elèv *B* ta lage kòd la. [1]

---

---

Sèvi ak enfòmasyon, foto, ak tablo done ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 32 ak 33. Foto a montre ano yo nan yon (1) pye bwa. Tablo done a montre kantite ano yo konte nan kat (4) echantiyon pye bwa, ke yo rele *A*, *B*, *C*, ak *D*.

### Ano Pye Bwa

Pye bwa yo gen kèk nan prèv ki pi presi lanati sou lepase. Kouch kwasans yo parèt sou fòm ano nan koup transvèsal twon pye bwa a, jan nou montre li pi ba a. Chak ane, pye bwa a ajoute sou dyamèt (lajè) li, epi nouvo kwasans la rele yon ano pye bwa. Ano sa yo kapab gen diferan epesè poutèt diferan kondisyon kwasans. Gras a ano sa yo, syantis yo kapab wè prèv inondasyon, sechrès, atak ensèk, ak menm dife forè.

#### Ano yo nan Yon (1) Pye Bwa



#### Kwasans Kat (4) Pye Bwa

Echantiyon Pye Bwa	Kantite Ano Pye Bwa yo
A	31
B	28
C	39
D	29



**32** Dapre done yo, ki echantiyon pye bwa ki pi aje? Eksplike poukisa se echantiyon pye bwa sa a ki pi aje. [1]

Echantiyon pye bwa: \_\_\_\_\_

Eksplikasyon: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**33** Eksplike poukisa ano yo nan pye bwa ki nan foto a gen diferan epesè. [1]


\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 34 ak 35. Yo te mezire senk (5) objè ak yon règ metrik. Yo reprezante longè objè yo ak lèt A jiska E.



34 Mete lèt ki sou règ metrik la ansanm ak objè kòrèk la dapre longè li pou konplete tablo done ki pi ba a. [1]

**Tablo Done**

Objè	Longè Objè a (cm)	Lèt sou Règ la
plim	14	
gòm	4.5	
makè	12	
kreyon	15.5	
klips papyè	5	

35 Yon elèv te deklare, “Longè twa (3) klips egal longè plim nan.” Sèvi ak done ki nan tablo a pou eksplike poukisa deklarasyon sa a **enkòrèk**. [1]

---



---



---



---



---

\*\*\*\*\*

**36** Klase egzanj yo ki nan premye kolòn nan kòm vivan oswa pa vivan ak kòm sa imen yo kreye oswa sa ki fèt natirèlman pou ranpli espas vid yo. Gen espas yo ranpli pou ou. [1]

<b>Egzanj</b>	<b>Vivan oswa Pa vivan</b>	<b>Imen yo kreye li oswa Li fèt natirèlman</b>
chen		li fèt natirèlman
boul foutbòl	pa vivan	
wòch		li fèt natirèlman
pye bwadchenn	vivan	

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 37 ak 38. Dyagram nan montre de (2) sèf, ke yo rele *A* ak *B*.



A



B

**37** Sèf *A* ak sèf *B* t ap fè konpetisyon pou menm konpay lan. Dekri **yon (1)** avantaj sèf *A* t ap genyen sou sèf *B*. [1]

---

---

**38** Idantifye **de (2)** resous, apa konpay, de (2) sèf sa yo te kapab fè konpetisyon pou yo nan anviwònman yo. [1]

\_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 39 ak 40. Foto a montre yon plant k ap grandi nan tè lach.



**39** Dekri **yon (1)** fason rasin yo ede plant la. [1]

---

---

---

**40** Eksplike poukisa plant yo bezwen limyè solèy pou yo grandi. [1]


---

---


---

\*\*\*\*\*

41 Dyagram yo ki pi ba a montre yon zòn teren anvan ak apre yo bati yon faktori la.



Anvan



Apre

Dekri **yon** (1) fason faktori an fè li pi difisil pou bèt k ap viv nan zòn nan siviv. [1]

---




---



---

42 Dyagram ki pi ba a montre yon vè ki gen kib glas ladan.




Dekri kijan glas ki nan vè a kapab chanje an dlo likid. [1]


---

---

43 Dyagram ki pi ba a montre yon fisèl ki gen kat (4) grenn kolye, ke yo rele *A*, *B*, *C*, ak *D*. Desine yon (1) grenn kolye won sou fisèl la nan mitan grenn kolye *C* ak *D*. [1]



Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 44 ak 45. Dyagram nan montre yon batri ki konekte ak fil ak yon anpoul. Lèt *X* ak *Y* yo montre pwent de pens metal ki tache sou fil yo.



**44** Eksplike poukisa anpoul la ap limen lè pens metal yo nan *X* ak *Y* manyen. [1]

---

---

**45** Dekri objektif batri an nan aranjman sa a. [1]

---

---

\*\*\*\*\*









GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

**Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman  
Part II Credits**

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
<b>31</b>	<b>1</b>	
<b>32</b>	<b>1</b>	
<b>33</b>	<b>1</b>	
<b>34</b>	<b>1</b>	
<b>35</b>	<b>1</b>	
<b>36</b>	<b>1</b>	
<b>37</b>	<b>1</b>	
<b>38</b>	<b>1</b>	
<b>39</b>	<b>1</b>	
<b>40</b>	<b>1</b>	
<b>41</b>	<b>1</b>	
<b>42</b>	<b>1</b>	
<b>43</b>	<b>1</b>	
<b>44</b>	<b>1</b>	
<b>45</b>	<b>1</b>	
<b>Total</b>	<b>15</b>	